**दिन–रविवार** **दिनांक–14.04.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

भारतीय जनता पार्टी लोकसभा चुनावक लेल आइ अपन घोषणा पत्र जारी कऽ देलक अछि। एकरा संकल्प पत्र नाम देल गेल अछि। नव दिल्ली स्थित भाजपा मुख्यालय मे जारी कयल गेल संकल्प पत्र मे एक राष्ट्र एक चुनाव, समान नागरिक संहिता आ एकल मतदाता सूची के वादा कयल गेल अछि। भाजपा के वरिष्ठ नेता आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, पार्टी अध्यक्ष जे.पी. नड्डा, राजनाथ सिंह, अमित शाह आ निर्मला सीतारामनक उपस्थिति मे ई संकल्प पत्र जारी कयल गेल। संकल्प पत्र मे भाजपा प्रधानमंत्री गरीब कल्याण अन्न योजनाक अंतर्गत निःशुल्क राशनक सुविधा के अगिला पाँच वर्ष धरि जारी राखबाक बात कहलक अछि। संगहि आयुष्मान भारत योजना मे देशक सभ वरिष्ठ नागरिक के सम्मिलित करबाक वादा कयल गेल अछि। संकल्प पत्र में तीन करोड़ लखपति दीदी बनेबा पर जोर देल गेल अछि आ पीएम सूर्य घर योजनाक संग बिजली बिल शून्य करबाक वादा कयल गेल अछि। भाजपा देश के दुनियाक तेसर सभ सँ पैघ अर्थ व्यवस्था के संग–संग वैश्विक विनिर्माण केन्द्र बनेबाक वादा कयलक अछि।

---

घोषणा पत्र मे भाजपा कहलक अछि जे भारतक पहिल मानव अंतरिक्ष उड़ान मिशन गगनयान लॉन्च कयल जायत। पार्टी भारतीय अंतरिक्ष स्टेशन–बी.ए.एस स्थापित करब आ देशक लेल दोसर प्रक्षेपण परिसर बनेबाक सेहो वादा कयल अछि। घोषणा पत्र मे मौसम नाम सँ राष्ट्रीय वायु मंडलीय मिशन लॉन्च करबाक सेहो वादा कयल गेल अछि। एहि अवसर पर पार्टीक वरिष्ठ नेता आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे संकल्प पत्र युवा, महिला, किसान आ गरीब लोकनि के सशक्त बनबैत अछि जे विकसित राष्ट्रक चारि मजगूत स्तंभ छथि। श्री मोदी कहलनि जे संकल्प पत्र जीवन के गरीमा आ जीवन के गुणवत्ता पर केन्द्रित अछि।

---

उपमुख्यमंत्री आ भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष सम्राट चौधरी कहलनि जे घोषणा पत्र मे अगिला पांच वर्षक दरमियान देश के

हरेक क्षेत्र मे विकसित बनेबाक संकल्प लेल गेल अछि। एम्हर, भाजपाक घोषणा पत्र कऽ चुनावी जुमला मानैत कांग्रेस कहलक अछि जे घोषणा पत्र मे महगाई आ बेरोजगारी जकँा शब्द गायब अछि। पार्टी नेता राहुल गांधी ट्वीट करैत कहलनि जे लोक सभक जीवन सँ जुड़ल सभ सँ प्रमुख मुद्दा सभ पर भाजपा चर्चा नहि करऽ चाहैत अछि। एम्हर, राजद कहलक अछि जे भाजपाक घोषणा पत्र मे किनको लेल किछु नहि अछि। पार्टी नेता तेजस्वी यादव कहलनि जे घोषणा पत्र मे युवा आ किसान लोकनिक विषय मे कोनो चर्चा नहि कयल गेल अछि।

————————————————————————

भारतीय संविधानक प्रमुख शिल्पी, डॉक्टर बाबा साहेब भीमराव अंबेड़कर के एक सय चौतीसम जयंती पर राष्ट्र आइ हुनका श्रद्धांजलि अर्पित कऽ रहल अछि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़ आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ संसद परिसर मे डॉक्टर अम्बेड़कर के जयंती के अवसर पर पुष्पाजंलि अर्पित करैत हुनक आर्दश आ हुनक काज के समेकित रूप सँ अपनेबाक अपील कयलनि। एम्हर, डॉक्टर अम्बेड़कर के जयंतीक अवसर पर प्रदेश मे सेहो कतेको कार्यक्रमक आयोजन कयल जा रहल अछि। पटना मे आयोजित राजकीय समारोह मे राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार अम्बेड़कर के प्रतिमा पर माल्यार्पण कर हुनका श्रद्धासुमन अर्पित कयलनि।

————————————————————————

महागठबंधन मधुबनीक झंझारपुर सँ प्रत्याशी के घोषणा कऽ देलक अछि। महागठबंधन मे सम्मिलित विकासशील इंसान पार्टीक सुमन कुमार के झंझारपुर सँ उम्मीदवार बनाओल गेल अछि। वीआईपी के राष्ट्रीय प्रवक्ता देवज्योती जनौलनि जे पार्टी आन दू सीट सभ पर शीघ्रहि, उम्मीदवारक घोषणा करत।

————————————————————————

लोकसभा चुनावक पहिल आ दोसर चरण के लऽकऽ प्रचार अभियान तेज भऽ गेल अछि। एनडीए आ इंडिया गठबंधन सहित कतेको दलक नेता लोकनि अपन–अपन प्रत्याशी के सर्मथन मे चुनावी सभा के संबोधित कऽ रहल छथि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ रक्षामंत्री

राजनाथ सिंह आइ जमुई मे लोजपा– रामविलास के उम्मीदवार अरूण भारती आ बांका मे जदयू उम्मीदवार गिरधारी यादव के सर्मथन मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। ओतहि, राजद नेता तेजस्वी यादव गया के वजीरगंज आ इमामगंज, नवादा के कौवाकोल, बांका के फुल्लीडुमर आ जमुई के झाझा मे इंडी गठबंधनक उम्मीदवार लोकनिक पक्ष मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि।

———————————————————————

लोक आस्थाक चारि दिवसीय महापर्व चैती छठिक तेसर दिन आइ व्रती लोकनि डूबैत सूर्य के अर्घ्य अर्पित करतीह। काल्हि उगैत सूर्य के अर्घ्य अर्पित करबाक संगहि एहि महापर्वक समापन भऽ जायत। छठि के लऽकऽ पुरा प्रदेशक वातावरण भक्तिमय भऽ गेल अछि।

———————————————————————

चैती नवरात्रिक छठम दिन आई देवी दुर्गाक कात्यायनी स्वरूपक पूरा विधि विधान सँ पूजा अर्चना कयल जा रहल अछि। एहेन, मान्यता अछि जे माँ के कात्यायनी स्वरूपक आराधना सँ रोग, शोक आ संतापक हरण होयत अछि। एहि अवसर पर मिथिलांचल सहित प्रदेशक कतेको मंदिर आ शक्तिपीठ मे पूजा अर्चनाक लेल श्रद्धालु लोकनिक भीड़ लागल अछि।

———————————————————————

मिथिलांचलक प्रसिद्ध पावनि जुड़शीतल आइ मनाओल जा रहल अछि। मिथिलांचल मे एकरा नव वर्षक रूप मे सेहो मनाओल जायत अछि। आजुक दिन घरक जेठ–श्रेष्ठ महिला लोकनि शीतल जल सँ परिवारक सभ सदस्य के माथ पर जल सँ थपथपाकऽ हुनका सुख–शांति, दीर्घायु आ शीतलता के आर्शीवाद दैत छथि। आजुक दिन गाछ–वृक्ष के सैहो जुड़ायल जयबाक परम्परा अछि।

———————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।